

PANDHAWA LIMA

Pandawa ing lakon pewayangan yaiku Yudhistira, Bima, Arjuna, Nakula, lan Sadewa. Wong lima iku sebenere anak saka Pandu lan Kunti. Disukani asmo Pandawa amarga duwe limang dulur. Minangka dadi titisan para dewa, para Pandhawa iku nduweni kekuwatan ingkang luar biasa. Kabeh Pandhawa iku anduwe kekuwatan sing bed-bedo lan duweni keahliane dhewe-dhewe. Ing sisih liyane, ana Kurawa, yaiku lare-lare anak e Destarastra sing ora becik lan meri.

Yudhistira yogo ngarep dewe saking Pandhawa iso nuntun lelungan Pandawa ing alas kasebut kanthi wicaksana lan kebajikan. Banjur Bima katon gedhe, lan kuwat nganggo palu gadha ing tangane sing dadi senjoto andalan, lan Bima paling kuwat ing klompok Pandawa.

Banjur niku ono Arjuna, katonane sing apik lan kekuwatan sakti katon nalika nyekel busur kasebut. Arjuna aslinipun sampun nuduhake pratandha yen dheweke bakal dadi pemanah sing paling apik. Pungkasane ono Nakula lan Sadewa, kanthi tombak lan senjata rupo cakram, dheweke loro nuduhake kepinteran lan titis sing luar biasa.

Wangsulana pitakonan ing andhap menika!

Ingkang dimaksud Pandhawa Lima yaiku?

Ana pinten cacahipun Pandhawa?

sinten mawon Pandhawa lima iku?

kepiye sifatipun Arjuna?

Sinten Wong tuwane Pandhawa Lima?